



Pou Piblikasyon Imedya: 26/05/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE FISNISMAN PWOJÈ REZISTANS NAN VIL
IRONDEQUOIT, KONTE MONROE**

***Pwojè 2.67 milyon dola nan Pak Maren Eta Bè Irondequoit la pral ogmante aksè
pou piblik ak itilizasyon kominotè***

Amelyorasyon nan lansman bato enpòtan pou sekirite piblik, touris

***Amelyorasyon ki koute 500,000 dola nan egou dlo lapli yo nan Culver Road pral
pwoteje wout lokal yo***

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse finisman konstriksyon yon pwojè rezilyans nan Pak Maren Eta Bè Irondequoit (Irondequoit Bay State Marine Park) nan Vil Irondequoit, Konte Monroe. Pwojè 2,67 milyon dola a fè pati [Inisyativ Rezilyans ak Devlopman Ekonomik \(Resiliency and Economic Development Initiative, REDI\) Lak Ontario Gouvènè a](#). Pwojè a repare domaj ke inondasyon istorik an 2019 la te koze, ak leve lansman bato a, waf ak pakin pou yo kapab kontinye opere pandan tan gwo dlo yo.

"Efè chanjman klima yo te vin pi evidan pandan kèk ane ki sot pase yo, jan yo wè sa pandan inondasyon san parèy otou rivaj Lake Ontario an 2019", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Atravè patenarya Eta New York ak kominote bò rivaj yo, n ap ede prepare pou tout sa Manman Lanati gen nan depo li pa sèlman nan rebati, men re-imagè enfrastruktir enpòtan yo. Pwojè rezistans tankou de sa yo ki te konplete nan Irondequoit ilistre misyon pwogram REDI a."

"Investisman kontinyèl Eta New York nan kominote bò rivaj nou yo ap ede yo rebati pi byen, pi entelijan ak pi fleksib", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare**. "Pak Eta Maren Bè Irondequoit ap te fè fas ak defi fòmèl nan dènye ane yo akòz inondasyon ki te koze pa chanjman klima a. Amelyorasyon ki fèt isit la pral ede pwoteje kont inondasyon alavni, ogmante aksè piblik ak sekirite, epi asire ke rete yon kote pou jenerasyon k ap vini yo rejwui yo".

Anplis de elevasyon zòn pakin lan ak lansman bato, yo te ajoute nouvo waf pasajè nan pak la, ansanm ak yon teren jwèt, yon lansman kannòt /kayak, yon waf pou lapèch ki aksesib dapre Lwa sou Ameriken ki Gen Andikap (American with Disabilities Act) ak twotwa sou Culver Road, pou ogmante aksè davantaj ak pak la. Yo pral konstwi yon paviyon lwazi pou itilizasyon piblik pita nan ane sa.

Vil Irondequoit la deja acheve travay tou nan yon pwojè toupre a ki te fè amelyore nan sistèm drenaj dlo lapli yo nan tout Culver Road, ki se pòtay Pak Maren Eta Bè Irondequoit ak plizyè biznis enpòtan. Pwojè Culver Road te resevwa 500,000 nan men Komisyon REDI a pou konstwi rezistans nan diminye inondasyon nan wout la pou diminye potansyèl pou fèmti wout pandan evènman dlo elve yo ak mentni aksè pou sèvis ijans ak pou etablisman lokal yo nan zòn nan.

Mezi rezistans yo aplike yo pral bese enpak inondasyon alavni nan kay ak biznis nan zòn nan atravè modifikasyon nan sistèm egou tanpèt ki deja egziste yo otou Culver Road ki gen ladan, enstalasyon nouvo tiyo kontwòl ak kreyasyon estasyon ponp ak yon jeneratris sekou ijans pou sèvis san entèripsyon.

Bè Irondequoit twouve li nan 8 kilomèt nan nòdès Rochester epi li devèse nan Lak Ontario. Pak Maren Eta Bè Irondequoit la ki mezire 17,80 ekta twouve li nan nòdwès bò rivaj la toupre Culver Road ak Sea Breeze Drive. Pandan dènye deseni an, te genyen plis pase 400,000 vizitè nan pak la, ke vil Irondequoit ap jere ak mentni.

Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare, "Pwojè sa a reflekte pi gwo angajman Gouvènè Cuomo pou bese efè chanjman klima kontinyèl ki fèt pa lèzòm atravè enfrastrikti rezistan amelyore, anplis diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè nan eta a. Yo pi byen defann lansman sa a kounye a kont epizòd gwo dlo sou Lake Ontario alavni ki gen obligasyon pou vini epi rete yon pati kle nan ekonomi lwazi rejyonal la".

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal la ak Ko-prezidan REDI a, Basil Seggos, te deklare, "Otou bò rivaj Lake Ontario a, Inisyativ Devlopman Ekonomik ak Rezistans New York ap fè investisman enpòtan pou pwoteje kominote yo tankou vil Irondequoit kont gwo evènman dlo yo ak bese enpak chanjman klimatik yo. Anons jodi a se plis prè ke atravè investisman estratejik sa yo, New York ap re-imaginer enfrastruktè nou yo ak rebati byen kominote yo, amelyore sekirite piblik, amelyore aksè ak resous natirèl yo, ak sovgade anviwònman pataje nou an".

Komisè Depatman Transpò Eta a, Marie Therese Dominguez te deklare, "Avèk sipò enkonidasyonèl Gouvènè Cuomo, Eta New York ap ede Vil Irondequoit ak lòt kominote bò rivaj yo rekonstwi yon enfrastruktè ki kapab fè fas ak defi chanjman klimatik mondyal la davans. Travay ki fini nan Irondequoit la pral ede Vil la anpeche inondasyon alavni, ogmante aksè ak wout pou sèvis ijans, e menm amelyore opòtinite lwazi pou rezidan yo ak vizitè yo. Yon pwojè alafwa, nou ap rebati yon pi bon, enfrastruktè ki pi rezistan ki pral ede kominote bò rivaj yo pi byen adapte yo ak dlo k ap monte yo".

Ko-Prezidan REDI ak Komisè Pwovizwa Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Empire State Development (ESD) Ian, Eric Gertler, te deklare, "Lè kominote bò rivaj Lake Ontario yo te mande èd pou jwenn solisyon kont domaj ki te koze pa dlo k ap monte yo ak inondasyon souvan, Gouvènè Cuomo ak Komisyon REDI a te fè swivi. Fini pwojè Pak Maren Eta Bè Irondequoit la se yon egzanp sou fason Eta New York te reponn, nan rebati pi byen pou sovgade kont menas inondasyon alavni. Nouvo waf ak zòn lansman an pral atire plis bato ak vizitè menm nan bèl rejyon sa a, nan bon moman pou ajoute yon bourad ekonomik pou sezon ete ki okipe a".

Sekretè Deta Eta New York la, Rossana Rosado, te deklare, "Gras ak inisyativ REDI Gouvènè Cuomo a, nou ap ede kominote Lak Ontario yo revitalize litoral yo a epi ranfòse rezistans kont evènman inondasyon alavni ansanm ak chanjman klimatik. Amelyorasyon ki fèt nan Pak Maren Eta Bè Irondequoit kreye yon kondisyon ki pi an sekirite epi ki pi rezistan kont inondasyon, prezante nouvo ekipman ak opòtinite lwazi ki depann de dlo, ak amelyore aksè ak resous pak la pou rezidan yo ak vizitè yo tou. Kòm Nouyòkè yo ap prepare yo pou yo jwi sezon ete a, nou akeyi yo epi ankouraje yo jwi resous piblik fòmèl sa a".

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare, "Finisman pwojè sa yo vini nan yon moman esansyèl, epi yo pa pral sèlman bay yon ogmantasyon nan touris rejyon sa a nan moman sezon bato a, men amelyorasyon sa yo pral amelyore aksè pou tout manm nan kominote a. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo pou sipò kontinyèl li nan pwojè REDI sa yo paske yo se yon faktè chanjman pou rejyon bò rivaj nou yo".

Manm Kongrè Joe Morelle te deklare, "Kominote nou an konnen trè byen ki jan enpak inondasyon yo ka devastè, se pou fezon sa nou te pran mezi ak investisman enpòtan sa a pou bese enpak dezast yo alavni. Non sèlman pwojè sa a ede ranfòse enfrastrikti bò lak nou an, li amelyore tou opòtinite lwazi pou rezidan yo ak ranfòse ekonomi rejyonal nou an. Mwen kontan selebre finisman pwojè sa a epi mwen rekonesan anvè Gouvènè a pou angajman li pou asire rezistans kominote nou an".

Senatè Eta, Samra Brouk, te deklare, "Kòm yon Senatè Eta, mwen angaje mwen nan investisman nan pwojè ki fè amelyorasyon nan enfrastrikti aje nou yo ak adrese inondasyon kontinyèl ak ewozyon bò rivaj ki mete pwopriyetè kay ak pwopriyetè biznis yo nan risk. Pwojè ki mete ajou sistèm egou yo, pon yo, wout yo, lansman bato yo se investisman enpòtan nan kalite lavi nan 55èm Distri Sena a, e se poutèt sa mwen fyè pou mwen ede selebre finisman Pak Maren Eta Bè Irondequoit la ak pwojè Egou Dlo Lapli Culver Road yo".

Manm Asanble a, Sarah Clark, te deklare, "Youn nan karakteristik ki pi etonan isit la nan Irondequoit se pwoksimite nan divès kalite vwa navigab yo, soti nan Lake Ontario, pase nan Irondequoit Bay ak Genesee River. Nou konnen sa vini ak yon responsablite pou amelyore enfrastrikti sou rivaj la pou pi byen pwoteje rezidan yo ak biznis yo kont nivo dlo elve yo ak vag tanpèt yo, pandanly ap pèmèt tou plis aksè ak dlo a pou tout moun jwi. Se poutèt sa Pak Maren Eta Bè Irondequoit la ak pwojè Egou Dlo Lapli Culver Road yo tèlman enpòtan. Investisman eta a te ede ranfòse enfrastrikti enpòtan kote li nesesè, pandan tou l ap kreye plis opòtinite pou kominote a jwi aktivite navigasyon ak aktivite lwazi ki gen ladan ekspansyon ozalantou lansman bato piblik la. Jodi a se yon jou enteresan, yon gwo remèsi a REDI ak tout moun ki te fè amelyorasyon sa yo posib".

Chèf Egzekitif Konte Monroe a Adam Bello te deklare, "Kòm yon rezidan pou tout dire lavi mwen nan Irondequoit ak ansyen sipèvizè vil la, mwen te pèsònèlman temwen

inondasyon devastasyon te fè rezidan, biznis ak premye sekouris bò rivaj nou yo. Non sèlman envestisman sa a ki plis pase 3 milyon dola nan kominote nou an pou amelyore aksè ak Irondequoit Bay ak Lake Ontario, men tou revitalize Pak Maren Eta Bè Irondequoit la. Mwen ta renmen remèsye patnè nou yo nan gouvènman an pou asire ke nou retounen anba dezas yo pi fò, ak pi bon".

Sipèvizè Komin Irondequoit la David Seeley te deklare, "Redevlopman Pak Maren Eta Bè Irondequoit la rekonèt potansyèl ke sit sa a te toujou posede, men li pa te janm reyalize sa a. Pwojè sa a se egzakteman sa Komisyon REDI a te gen entansyon akonpli. Non sèlman nou te fè enfrastrikti litoral piblik nou an pi rezistan kont gwo dlo yo. Nan travay avèk Biwo Gouvènè a ak patnè Eta nou yo, nou te amelyore eksperyans pou vizite bèl ekipman sa a".

Nan repons ak chema inondasyon pwolonje nan tout bò rivaj Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence yo, Gouvènè Cuomo te kreye REDI a pou ogmante rezistans kominote bò rivaj yo epi estimile devlopman ekonomik nan rejyon an. Yo te etabli senk Komite Planifikasyon Rejyonal (Regional Planning Committees) REDI yo, ki gen reprezantan ki soti nan uit konte (Niagara ak Orleans, Monroe, Wayne, Cayuga ak Oswego, ak Jefferson ak St. Lawrence) pou idantifye priyorite lokal yo, enfrastrikti ki gen risk ak lòt resous yo, ak enkyetid konsènan sekirite piblik la. Komisyon REDI a te atribye 20 milyon dola pou bay pwopriyetè kay yo asistans, 30 milyon dola pou amelyore rezistans biznis yo, ak 15 milyon dola pou yon efò dragaj rejyonal ke chak nan uit konte nan rejyon REDI yo ap benefisye. Yo te atribiye balans 235 milyon dola ki rete a, bay pwojè lokal ak rejyonal ki fè avanse epi montre egzanp misyon REDI a. Anba enstriksyon Gouvènè Cuomo, Komisyon REDI a te vizite zòn ki te frape anpil anba inondasyon Lak Ontario yo epi li te travay avèk kominote lokal yo pou vini avèk yon nouvo vizyon pou bò rivaj la nan yon pwendvi ki chita alafwa sou rezistans ak devlopman ekonomik dekwa pou rekonstwi pi byen ak pi solid alavni.

Depi kreyasyon pwogram REDI Gouvènè a nan prentan 2019, 133 pwojè lokal ak rejyonal REDI finanse yo ankou, ki enkli 100 pwojè nan faz konsepsyon, 19 pwojè nan faz konstriksyon ak 16 pwojè ki konplete.

Pou jwenn plis enfòmasyon, pwofil pwojè yo ak nouvel sou REDI, klike [isit la](#).

###

Lèt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)